Класс нэхъыжьхэм кIуэ ныбжьыщIэхэм (псалъэм кьыдэкIуэу жыпIэмэ, 10 - 12-нэ классхэм илъэситIкIи, илъэсиплкIи ущеджэ хъунущ, узэрыхуейуэ кьыхэпхуу аращ) ЕГЭ-р езым я школхэм щатIыж, я егъэджакIуэхэр щIэсу. Мыбы псоми дзыхь щыхуащI. Предмет зыгъэзырэ ущыхуей дыдэм пты хъунущ, щыуэ щIэн къэрал экзаменыр. Хэпхьамкlэ умыарэзырэ - тIэу птыжь хъунущ. ЕГЭ-р зыта ныбжьыщIэр экзаменынщэу еджапIэ нэхъыщхьэхэм кьащтэркъым, зэрыщIэтIысхьэ экзаменыр дэни щыптын хуейщ, нэхъапэм Урысейм зэрыщегъэувкIыу щытам хуэдэу. Абы куэдым урегъэгупсыс...

«АиФ» газетым къытхужащ.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Къэзахъстан - Тыркумэн

Узень - Берекет - Горган гъущI гъуэгум Къэзахъстанымрэ Тыркумэнымрэ зэпызыщIэ и Іыхьэр иджыблагъэ къыззIуахащ къэралитIым я президентхэу Назарбаев Нурсултанрэ Бердымухамедов Гурбангулыерэ.

Назарбаевым зэрыжиIамкIэ, къызэIуаха Іыхьэр Къэжэр хыжьэм (залив) ухуэзышэ транзит гъуэгум мыхьэнэшхуэ щызэIэщ.

КъищынэмыщIауэ, а щIыпIэм щыIэ къэралхэр гъущI гъуэгукIэ зэпыщIа хъуным хуэгъэпса «Данэ гъуэгущI» проектым и Іыхьэщ.

Хабзэм и хъуакIуэ

Гъащ1э тепльэгъуэхэр

1947 гъэр екIуэкIырт. Хэку зауэшхуэм и льэужьыкIуэ гъащ1эм кьыхинат, гуауэу абы кьаухуихьам щIыхухэм я гур эзщIкIуIат. Ауэ, псэукIэр сыт хуэдэу хьэльэу щымытами, зым адрейм эщIигъакъуэу, дзэпы-кьуэгъу зэрызэхуэхьужьыным хущIэкъуэкIрт щIыхухэр. Ягъэва хьэзаб кьомым я1эщIитхуэхуатхьэм хабзэр, нэмысыр, щIыхуэгъэ.

Зауэ нэужьым кьулейсызыгъэр дэнэкIи щIызыхэпщIэрт. Кьалэн нэхъыщхьэу щIыхуэхэм кьапэщIыльыр колхозхэр, совхозхэр эзфIэгъэувэжьмыгъ, МТС-хэр зэгъэпэщIыжьмыгъ, губгъуэ лэжьыгъэхэр и чэзум эзфIэгъэкIынырт. Ауэ, Iуэхуракъэ, трактороxэр зэхэкIуат, дагъэгъэсынхэр кьаймэщIыжьырт, щIыхэр яхуерикIуртэкIыж. Колхозыщ1ыр вэн хуэмэ, нэхъыбэу кьагъэсбэлыр выхэрт, жэмхэри пхъэIэщэм щIыщIащ1э куэдрэ кьахуихуэрт.

Губгъуэ лэжьыгъэ хьэлэр зи пщ1э кьыдэхуэр лIыжьхэмрэ щIыхубзхэмрэт, зауэм кьикIыжа зауэлI закъуэтIакъыэрэ я дэ1эныкъуэгъуу. Абыпстэм я пхъэбзэр ныкъуэдкIыуэти, уаэзрыщIыгъынышхуи щIыэтэкIыим. Арати, балигъыпIэ имыува сабийхэм губгъуэхэм куэдрэ уащрихьэлIэрт - IумпIэр яIыгъыу е бым кIэльеуу льапIэу хьэсэбжьуэм дэт щIыкIу Хэку зауэ орденым и я1э нагъыщэр, «Вагъуэ Плъыжь» орденыр, «Германием эзрытекIуам папщIэ», «Берлин кьыззращтам папщIэ» медалхэр, нэгъуэщIхэри кьысхуагъэфэщауэ, «сержант» цIэри кьыксфIащауэ кьэзгъэзэжат.

Курыт щIэныгъэ фIэкIа зэзгъэгъуэгъэ сыхунэмысауэ зауэр кьэхьейри, я1э махуэхэм щIыщIэдзауэ ар ихуныхь абы и курыкупсэм сыхэтащ, БерлинебгъэрыкIуахэм грагъусащ, зи унэцIэхэр Рейхстагым кьытезыпнахэм сащIащ. Кьэзгъэзэжри, зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIауэ МВД-м и кьудамэу куей администрацэм щIыэм сраджащ. Абы «старшина» цIэр кьызэрысхуагъэфэщар кьызжаIэри, Бахьсэнэй кьуажэм оперуполномоченнэу сагъэжауэ, Пэжкър жьыСэнщи, ар сэ зыкIи сызыпIэмыплъат, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ а лэжьыгъэм и пIалъэ сщIэрэтхьэм, си щIэныгъэкIи сыпIэмыльэщIыну кьыщIыхьурт. АрщIхьэкIэ район ОВД-м и нэхъыщхьэ Джанкой щIыпIэм щIэтрагъэгушхуащ. «Лэжьыгъэр гугъущ: дыгъуакIуэр куэдщ, узыпэрыхьэ Iуэхум щIагъуэу зэрыхьиумыщIыкIри кьыдгуроIуэ, ауэ, зэрыпщIэщи, цIыхур кьыдоэмщIэкI, дэри зэрыпльэкIкIэ дыбдэIэпкьынщ. Iуэхум нэхъ хэгъуаэзэмэ, уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэну еджапIэ уэдгъэкIуэнщ», - кьызжIащ абы.

Япэ ИЛЬЭСЫР кьызэгугъуэ кIыгъ есхьэкIащ. Псом хуэмыдэу кьыстехьэлIэу унафэщIитI сызэрпIэрт, ауэ сызыпIэрыт Iэнатlэм апхуэдэу фIэкIа кьеэзгъыртэкым. Зы лъэныкъуэкIэ район ОВД-м и унафэм сыщIэтт, апхуэдэуи колхоз унафэщIым и жьыIэми себэкъуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. ЗыгуэркIэ щIыуагъэ гуэр сIэщIэкIмэ, а унафэщIитIым яку сыдэкIуэдэнкIэ хьунут. Мис ар кьыстщмыщIын папщIэ жэщи махуи псэхупIэ симыIэу си Iэнатlэр есхьэкIырт.

...Си пщ1ым кьжьхуэр лэжьыгъэ гугъут. Гъавэ кьэкIар кIэрыхуншэу хьума хъуным жэщ-махуэ жьызмыIэу сокIэльыплъын, дыгъуакIуэхэр (апхуэдэ кьэхьумэ) кьэзубыдын, кьуажэдэс тхьэусыхатIуэхэмэ я Iуэху дэгъэкIын хуейт.

Лъэхъэнэ нэхъ хьэлъэ дыдэр гъавэ Iухьыкыгъуэрт. Зэрыфщ1эщи, бжьыкъэм и махуэр и кIэщIу, и жэщыр кIыхьщ. Цыхьэ щIыуэлбанэ жэщ-махуэ жьызмыIэу губгъуэм сыкьынкIуэ ситт. Апхуэдэу лэжьыгъэмэ нэхъ сыхэгъуэзауэ, си унафэщIитIри кьыскъуэщIащ.

Кьуажэ унафэщIхэри жьылэм дэсхэри дыдэсхат, арщхьэкIэ унафэр нэхъ ищхьэIуэкIэ кьикIати, умыгъэзащIэу хьунутэкым. Аратн, район ОВД-м щыщ лейтенант нэхъыжь Адэмовыр, Iуэхум кьыскъуащIри, КIэмыргуей кьуажэм сагъакIуэ. Я1эрауэ, кьуажэ унафэщIхэр зэзгъэщIыхуащ. ЕтIуанэ махуэм колхозхэтхэм я зэхуэс екIуэкIырти, абдж кьуажэдэсхэм сащыщIащ. ЗэфIэ1э нэгуакъым щIыхуэгъэ, колхозыщ1ыр хьэурэ кьуажэм щекIуэкI Iуэху куэдым щыгъуаэз сыхуащIащ. Хэти си я1э лэжьа оперуполномоченнэр кьыскуеуб, хэти дыгъуакIуэхэм кьасхуэтопсэлыхь, хэти колхозым и зэхэтыкIэм сыщегъэгъуааз. Абдежым псоми я1ургьэзгъэIуащ зым адрейм хущIитхъуэу кьырахьэкI псалъэмакъхэм сызэремыдэIэунур, бзэгу кьыскхуахьу, зэхуэпсалъэ зэрахуэзмыдэнур.

Пщ1ыхьэщхьэр зэхуэтуэ дыщ1эзбгрыкIыжьам, уэщх кьепсэнсауэу щIидакIэт. Iэмэ сынсыжьхэу псычэ сыхьуу кьэсщIакъым, си бысымхэм я деж, Хьэбыжхэ Хьэмыщэрэ Хьэжкулинэрэ я унэм, сыщекIуэлIэжам си щы-гъыным гъущэу зы Iудани хэтхьэтэкъым. ПсыфэхьуащIыгъынхэр псынщIэу зэхэсхуэкIри, лIыжьэбэ тхьэмыщIкIэ нартыхуэ кIэчанитху кIыгъэ кьиубыдати, дыпэмыльэщIуикIэсинкIэ лIыжьхуэщIам ярырнгъэдзащ. Иджыуэр гугъэр абы и гъуэгум утеуваш». «ЭЭ умыпIащIу, сэри зы псалъэ нэхъ мыхьумэ кьызэIэ», - зэпызоуд ар. «Жьэгъэ1ум Iэ-гъэ згъэпщIащ!» - нэхьри кьызэщIэпльэрт ар.

Абы хэту телефоныр кьеуащ, кьэпсэльам кьэкIуэ жэуаи иритри, колхоз тхьэмадэм трубкэр трильхьэжащ. Абдежым зы пщ1ы зыкьизгъэщIри, унафэщIым жеслаш гъэгъэпщIащ!» - нэхьри кьызэщIэпльэрт ар.

Абы хэту телефоныр кьеуащ, кьэпсэльам кьэкIуэ жэуаи иритри, колхоз тхьэмадэм трубкэр трильхьэжащ. Абдежым зы пщ1ы зыкьизгъэщIри, унафэщIым жеслаш гъэгъэпщIащ!» - нэхьри кьызэщIэпльэрт ар.

Абдежым гъащхьэ пащIэу кьагъэсэбэп мывэ зэпэщIэхантIым я зэхуакур, джэгупIэ губгъуэм и кIыхьагъэу щытын хуейр Пэрытым кьинщащ, ахэр сэ тхьэлымпIэ нагъэ кIэгъэ. Иужькъэ зыми зэран яхуэмыхьуну джэгупIэ кьахуэхтхэщ, пхъэзэгуэх цехым дыкIуэри, гъащхьэ ящIын папщIэ зыхуеину пкъоэр, пхъэбгъуэхэр кьыдэтщащ. Сытми, сабийхэр топ щIыджэгуну щIыпIэ дыкъуэкIуэрэ кьахуэдэгъэ1эгъ щащ. Абыхэм я гуфIэгъуэ щIыщIэттэкъым.

Сэ сабийхэм куэдрэ захуэзгъаэрт, еджапIэм сыкIуэурэ я урокхэм сыщыщIэсхэ кьэхьырт. Ди щалэхэм Хэку зауэшхуэм щIыпхьэ лIыжьхуэмрэ сакуэтепсэльыхьырт, нэхьыжьхэм пщIэ хуащIу, кьыщащхуэ щIыналъэр фIыуэ ялъагъуу, я адэ-анэхэм яхуэпэжу, фIыуэ зэрреджэным хущIэкъуэ зэрыщытын хуейм и гугъу кьэкIуэкIырт. Ебы сабийхэр я яфIэгъэщIэгъэнэу кьыхэдагъэурэт, упщIэ гъэщIэгъэнэхэр кьызатырт.

Апхуэдэу егъэджакIуэхэм адэ-анэхэм драгъэкIуэкI зэгъущIэхэм зрезгъэхьэлIэрт. Зы махуэ гуэрым апхуэдэ зэгъущIэ сприхьэлIауэ, класс унафэщIыр фIыуэ еджэ цIыкIухэм хуабжьу ящIытхъуащ, нужькIэ зы еджакIуэ цIыкIу егъэлеяуэ нубащ. И адэм зыхуэнгъаэрри, абыкIэ ар зэрыкъуанщэр жриIэу етIуанэ. Адэрэ анэрэ уэкIытати, и щхьэр кьыхуэ1этыртэкъым, жиIэнур имыщIэу щыст. Зэ1ущIэм кьрихьэлIа псоми я пащхьэм ар зэрыщIигъэкIытар кьемыз1эгъыу кьэсльытащ. Аратн, зэ1ущIэ нэужьым класс унафэщIым зыхуэзгъэкIащ, емыкIу эрящIар кьыгурызгъэIуащ. «Апхуэдэу зэ1ущIэм укьыщымыпсалъэ, лажьэ зимыIэ адэр бгъэукIытащ, - жеслаш егъэджакIуэм. - Уэ еджакIуэ псори уи зэхуэдэу щытын хуейщ, абыхэм я дежкIэ адэ-анэ етIуанэщ егъэджакIуэхэр. Iейри фIыри уи зэхуэдэу, зэхэгъэжymыщIу уабгъэдэтыпхъэщ. Ахэр иджыдэ щIэнтIу, уэ ебгъащ1э хабзэмрэ нэхъысымрэ абыхэм зыхальхьэнур. ЗыгуэркIэ еджакIуэм уигу иримыхь дэплъэгуаемэ, зэман кьыхуэгъэути, сабийми укьымыщIэу, я унэ кIуэи и адэ-анэм епсалъэ, ягурыгъаIуэ уп1э гукъеуэр зыхуэдэр. Сабийм и кьалэн нэхъыщхьэр еджакIуэм абыкIэ кьыкIэрыхуэмэ, ар зи мыгъуагъэр уэращи, нэхъ щ1экъуэгэ длажь».

Апхуэдэу жыджэру кьуажэ гъащIэм сыхэтт, абы щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхурэ сфIэгъэщIэгъэнэт, ахэр тэмэму зэфIэхьыныкIэ дэIэпыкъуэгъу сызэрыхьунымсыхущIэкъурт. Си лэжьыгъэм унафэщIхэмри гу кьыльамытэу щытащ. Махуэшхуэ, зэхуэс хуэмэ, президиумым сагъэблагъэрт, Щ1ыхь, щытхъу тхъ1ыльэр кьызатырт, фIыщIэ кьыскуащIырт.

Гъэмахуэ шыпэ махуэ хуабжэм си мотоциклыжьым бидон изгъэувэрти, тIуащIэ псынэм сыкIуэрт. Псынэпс щIыIэр губгъуэм и цIыхубзхэм, мэкъу еуэ лIыжьхэм яхуэсшэрт. Ар псоми я гуапэ хьурт. Псом хуэмыдэу хьыджэбэхэр кьызэгурыкIуэрт. Ахэр щылажьэ бригадэм сытехьамэ, сыкьыщэраIалгъуу лъагъуныгъэ уэрэд кьыхадзэрт. «Псынэ Iэфl кьытхуэпшэ? - жаIэрти, кьыспелжьхэзэрт. - Щхьэгъуэ пщIын кьыхьымыхьамэ, кьытхэдэ», - кьыздэгъуэшIыэрт пщащхэзэр. «Сыфхэдэмэ, кьыфхэсхьынур кьыскуэщIэркьым, псори фыдазэщ, фыгуаIуэщ», - жиеслIэжьыртэзэр. Апхуэдэхэм дежэ зэрыльэлъу дыхьэшхьэрти, зэбрыкIыжьыртэ хьыджэбэхэр. Абыхэм я бригадир Темыркъан хильэгъуар хэт ищIэрэ, хьыджэбэхэр апхуэдэу кьызэкъуэщытыр игу темыхуэу кьыскуэзгъэпагъэнщ, колхоз унафэщIым хуэтхьэсхьащ, хьыджэбэхэр лэжьыгъэм кьыпрэкIуэ, ар зэральагъуэ я Iуэхур кьагъанэ, кьыззмыдэIуэж хъуащ, жиIэри.

Абы и ужькIэ колхоз тхьэмадэм сриджэри, кьызэльэIуащ хьыджэбэ бригадэм нэхъ мащIэрэ сытехьэну. Iуэхур зыгъэтIар щызгурыIуэм, абы жеслаш зэман кьыхихыу а бригадэм техьэну, сэри абы зрезгъэхьэлIэну кьэзгъэгуращ. Дызэрызэгурыуам хуэдэу, махуэ гуэрым бригадэм дыщызэрихьэлIащ. Хьыджэбэхэм сыкьызэрагъэгурыу я макъым зрагъэIэту уэрэд жаIэм щIадзащ, я лэжьыгъэрэ щIагъэхуэбжащ. УнафэщIым игъэщIэгъэщ хьыджэбэхэр кьеплъэжьа мыхьумэ, я кьалэныр гъэззщIэн кьызэрамыгъэнар. Абы и дежкIэ Iуэхур гурыIуэгъуэт, ауэ бригадирым кьыскуиIэ гужьгъэжьыр нэхьри ззщIэпльат. Апхуэдэу абы Iуэхур кьигъэнэнт?! Махуэ зытIущ нэхъ дэмыкIауэ, пщ1ыхьэщхьэ гуэрым тIуащIэм сыкьнкIыжу кьуажэм сыкьэблагъэжауэ щ1ущ кьыспоув. СыкьагъэувыIэ, занщIэу шым кьопсыхэрэ мотоциклым сыкьытральэф икIи щысхь ямыIэу ЮпопцI шырыкьу лъапэкIэ сыкIуэцIакъуэ. ИтIанэ шым мэщэсыжхэри, бгъуэтэ кьащIэ, мо кIыфIым сгри дахэ-дахэу я нэжьу сльэгъуакъым. Куэдрэ сыщылъа, мащIэрэ сыщылъа - тIэкIу зы-кьэсщIэжа нэужь, мотоциклым ерагъыу сытетIыскъэжри, си псэр унэм кьэсхьыжащ. ЛIыжь-фыызкьыр кьыщыкIуплъам чэф сIлэ я гугъащ, сэри я нэгу зыкьыщIеэмыгъэдзащэу сыгъуэлIыжащ.

Зэи симыхэбзауэ а пщэдджьжьым сыхэжеящ. Сыкьэушмэ, си Iэпкьльэпкъ зэхэубгъэжьар схуэгъэхьэйркъым, кьыззмыуэ з сиIэжьым. ЛIыжьым си щэIу макъыр щ1эззхихьм кьызэушхьэдэ: «Ди унэ уэзрыщIэрэ зэи уефауэ утльэгъуакъым. Пхуэмыхьынумэ, апхуэдизэ щхьэ уефэн хуей, зэромыэзтынмур щыгъэIэкIэ, уи щхьэ сыт лей щIепхьыкыр?» - жиIэурэ. Сэ абы и псальэхэм зыри яп1эдзыжьыфакъым. Ауэрэ пщэдджьжьыр хэкIуэтащ, хуэмурэ сыкьэтэдэжри зыстхьэщIыну сыкьыщIэкIащ. Си щIыбыр уфIыщIат, си щIыпIэр сыкIуэрт. Сыкъэгъэ1ущ, си лъакьуэхэр схуэзблэрэ сыкIуэрт. Зэ1ущIэм кьрихьэлIа псоми я пащхьэм ар зэрыщIигъэкIытар кьемыз1эгъыу кьэсльытащ. Аратн, зэ1ущIэ нэужьым класс унафэщIым зыхуэзгъэкIащ, емыкIу эрящIар кьыгурызгъэIуащ. «Апхуэдэу зэ1ущIэм укьыщымыпсалъэ, лажьэ зимыIэ адэр бгъэукIытащ, - жеслаш егъэджакIуэм. - Уэ еджакIуэ псори уи зэхуэдэу щытын хуейщ, абыхэм я дежкIэ адэ-анэ етIуанэщ егъэджакIуэхэр. Iейри фIыри уи зэхуэдэу, зэхэгъэжymыщIу уабгъэдэтыпхъэщ. Ахэр иджыдэ щIэнтIу, уэ ебгъащ1э хабзэмрэ нэхъысымрэ абыхэм зыхальхьэнур. ЗыгуэркIэ еджакIуэм уигу иримыхь дэплъэгуаемэ, зэман кьыхуэгъэути, сабийми укьымыщIэу, я унэ кIуэи и адэ-анэм епсалъэ, ягурыгъаIуэ уп1э гукъеуэр зыхуэдэр. Сабийм и кьалэн нэхъыщхьэр еджакIуэм абыкIэ кьыкIэрыхуэмэ, ар зи мыгъуагъэр уэращи, нэхъ щ1экъуэгэ длажь».

Апхуэдэу жыджэру кьуажэ гъащIэм сыхэтт, абы щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхурэ сфIэгъэщIэгъэнэт, ахэр тэмэму зэфIэхьыныкIэ дэIэпыкъуэгъу сызэрыхьунымсыхущIэкъурт. Си лэжьыгъэм унафэщIхэмри гу кьыльамытэу щытащ. Махуэшхуэ, президиумым сагъэблагъэрт, Щ1ыхь, щытхъу тхъ1ыльэр кьызатырт, фIыщIэ кьыскуащIырт.

Гъэмахуэ шыпэ махуэ хуабжэм си мотоциклыжьым бидон изгъэувэрти, тIуащIэ псынэм сыкIуэрт. Псынэпс щIыIэр губгъуэм и цIыхубзхэм, мэкъу еуэ лIыжьхэм яхуэсшэрт. Ар псоми я гуапэ хьурт. Псом хуэмыдэу хьыджэбэхэр кьызэгурыкIуэрт. Ахэр щылажьэ бригадэм сытехьамэ, сыкьыщэраIалгъуу лъагъуныгъэ уэрэд кьыхадзэрт. «Псынэ Iэфl кьытхуэпшэ? - жаIэрти, кьыспелжьхэзэрт. - ЩхьэгъуэпщIын кьыхьымыхьамэ, кьытхэдэ», - кьызэгурыкIуэрт. Ахэр щылажьэ бригадэм сытехьамэ, сыкьыщэраIалгъуу лъагъуныгъэ уэрэд кьыхадзэрт. «Псынэ Iэфl кьытхуэпшэ? - жаIэрти, кьыспелжьхэзэрт. - ЩхьэгъуэпщIын кьыхьымыхьамэ, кьытхэдэ», - Iэпкьльэпкъ зэхэубгъэжьар схуэгъэхьэйркъым, кьыззмыуэ з сиIэжьым. ЛIыжьым си щэIу макъыр щ1эззхихьм кьызэушхьэдэ: «Ди унэ уэзрыщIэрэ зэи уефауэ утльэгъуакъым. Пхуэмыхьынумэ, апхуэдизэ щхьэ уефэн хуей, зэромыэзтынмур щыгъэIэкIэ, уи щхьэ сыт лей щIепхьыкыр?» - жиIэурэ. Сэ абы и псальэхэм зыри яп1эдзыжьыфакъым. Ауэрэ пщэдджьжьыр хэкIуэтащ, хуэмурэ сыкьэтэдэжри зыстхьэщIыну сыкьыщIэкIащ. Си щIыбыр уфIыщIат, си щIыпIэр сыкIуэрт. Сыкъэгъэ1ущ, си лъакьуэхэр схуэзблэрэ сыкIуэрт. Зэ1ущIэм кьрихьэлIа псоми я пащхьэм ар зэрыщIигъэкIытар кьемыз1эгъыу кьэсльытащ. Аратн, зэ1ущIэ нэужьым класс унафэщIым зыхуэзгъэкIащ, емыкIу эрящIар кьыгурызгъэIуащ. «Апхуэдэу зэ1ущIэм укьыщымыпсалъэ, лажьэ зимыIэ адэр бгъэукIытащ, - жеслаш егъэджакIуэм. - Уэ еджакIуэ псори уи зэхуэдэу щытын хуейщ, абыхэм я дежкIэ адэ-анэ етIуанэщ егъэджакIуэхэр. Iейри фIыри уи зэхуэдэу, зэхэгъэж ymыщIу уабгъэдэтыпхъэщ. Ахэр иджыдэ щIэнтIу, уэ ебгъащ1э хабзэмрэ нэхъысымрэ абыхэм зыхальхьэнур. ЗыгуэркIэ еджакIуэм уигу иримыхь дэплъэгуаемэ, зэман кьыхуэгъэути, сабийми укьымыщIэу, я унэ кIуэи и адэ-анэм епсалъэ, ягурыгъаIуэ уп1э гукъеуэр зыхуэдэр. Сабийм и кьалэн нэхъыщхьэр еджакIуэм абыкIэ кьыкIэрыхуэмэ, ар зи мыгъуагъэр уэращи, нэхъ щ1экъуэгэ длажь».

Апхуэдэу жыджэру кьуажэ гъащIэм сыхэтт, абы щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхурэ сфIэгъэщIэгъэнэт, ахэр тэмэму зэфIэхьыныкIэ дэIэпыкъуэгъу сызэрыхьунымсыхущIэкъурт. Си лэжьыгъэм унафэщIхэмри гу кьыльамытэу щытащ. Махуэшхуэ, президиумым сагъэблагъэрт, Щ1ыхь, щытхъу

Пщ1ыбий Сультlан



● Ди зэманым и лIыхъужьхэр

1948 гъэм Лондон щекIуэкIа Олимп Джэгухэм щытекIуам Тыркум щыщ адыгэ бэнакIэу Догу (Гъэкlэ) Яшар.

Джылахьстэней щIалэ Шыхьуэ Борис и вагъуэ хьыщIыблам Мюнхен (1972) щекIуэкIа Олимпиадэм. Абы лъакъуэрыгъажэмкIэ дыщэ медаль кьихьащ.

● Футбол

Зыри пэмыплъауэ

Гуп нэхьыщхьэм пашэныгъэр щызыIыгъ командэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым футболымкIэ и епщIыкIуплIанэ джэгугъэр яхуэфIакъым. Бжьыпэр зыубыда «ЛогоВАЗ»-ми абы кьыкIэлъыкIуэ «ГидроЭС»-ми я зэлъщIэхэр фIахьэхуащ.

ТУРНИР таблицэм и кIэух увыпIэхэм ящыщ зыр зыIыгъ «Тэрч»ыр, зыри пэмыплъауэ, бабугентдэхэм сыт и льэныкьуэкIи ефIэкIащ. КIэух бжьыгъэшхуэм абы шэч льэпкъ хууиргъэщIыркъым.

«Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупым пщIэтыфакъым «ГидроЭС»-р. Ар кьыгъэсэбэпри, «Кэнжэ»м етIуанэ увыпIэ щIидыдащ.

Удыньшхуэ Джылахьстэнейм щызыхьа «ЛогоВАЗ»-м кьыкIэлъыкIуэ, епщIыкIутхуанэ, джэгугъуэм псынщIэу зыкьыщIэжащ. Абы и стадионым «Картыр» щыхитэщIащ.

Нужь дыдэ увыпIэм кьинащ «ДЕР»-р. Щхьэлыкъуэдэсхэр я стадионым иджы кьыщыпикIуэтащ Къэхуэн нкIаэм.

«Къэбэрдейм» и гъэщIэкъуэ Жэбэтырым иужьрей зэ1ущIтIым топищ щыдигъэкIри, адрейхэм ящхьэщыкIащ. Щыпэрей зэхьэщэхуэм зэрыщIидзэрэ ар 20-рэ кьыхэжаныкIащ. ТопищкIэ нэхъ мащ1э дагъэкIащ Щащ1эмэрэ («Къэхуэн») Темукуевымрэ («Бахьсэн»).

Къэбэрдей-Балькъэрым и чемпионатым хэтхэр иужьу зэрызэIущам кьарикIуа бжьыгъэхэм адэкIэ фыщыдгъэгъуэзэнщ. *ЕпщIыкIуплIанэ джэгугъуэ:* **«Эльбрус» (Тырныауз) - «Прохладнэ» (Прохладнэ) - 2:1, «Автозапчасть» (Бахьсэн) - «Исльэмей» (Исльэмей) - 4:2, «Тэрч» (Тэрч) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент) - 4:0, «Нарт» (Нарткъалэ) - «Шэджэм-2» (Шэджэм Етlуанэ) - 3:1, «Къэхуэн» (Къэхуэн) - «Шагъдий» (Налшык) - 1:1, «СК-Союз-Сэрмакъ» (Сэрмакъ) - «Къэбэрдей» (Шэрэдж Ищхьэрэ) - 1:2, «Кэнжэ» (Кэнжэ) - «ДЕР» (Щхьэлыкъуэ) - 2:0, «Бахьсэн» (Бахьсэн) - «Велес» (Къэрэтъэщ) - 5:2, «ГидроЭС» (Налшык) - «Спартак-Д» (Налшык) - 1:3;** *епщIыкIутхуанэ джэгугъуэ:* **«Шэджэм-2» - «ГидроЭС» - 2:1, «Шагъдий» - «Бахьсэн» - 3:8, «ЛогоВАЗ» - «Нарт» - 3:1, «Велес» - «Тэрч» -2:0, «Исльэмей» - «Кэнжэ» - 2:3, «Къэбэрдей» - «Автозапчасть» - 3:4, «Прохладнэ» - «СК-Союз-Сэрмакъ» - 1:1, «Спартак-Д» - «Эльбрус» - 6:1, «ДЕР» - «Къэхуэн» - 2:4.**

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балькъэрым футболымкIэ и гуп нэхьыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщIекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1.	«ЛогоВАЗ»	15	12	1	2	39-24	37
2.	«Кэнжэ»	15	11	1	3	40-19	34
3.	«Бахьсэн»	15	10	1	4	63-33	31
4.	«ГидроЭС»	15	9	2	4	28-15	29
5.	«Спартак-Д»	15	8	5	2	45-25	29
6.	«Къэхуэн»	15	8	4	3	36-27	28
7.	«Прохладнэ»	15	7	6	2	24-9	27
8.	«Автозапчасть»	15	7	1	7	37-37	22
9.	«Шэджэм-2»	15	6	3	6	30-40	21
10.	«Къэбэрдей»	15	6	3	6	34-37	21
11.	«Исльэмей»	15	5	3	7	30-28	18
12.	«Велес»	15	4	6	5	26-28	18
13.	«Нарт»	15	4	3	8	22-31	15
14.	«Эльбрус»	15	4	1	10	25-38	13
15.	«Шагъдий»	15	3	3	9	26-40	12
16.	«СК-Союз-Сэрмакъ»	15	3	1	11	21-49	10
17.	«Тэрч»	15	3	1	11	32-57	10
18.	«ДЕР»	15	1	3	11	17-39	6

ЦIыху 554-рэ фэтэрыщIэхэм ягъэIэпхъуэнущ

● ЖКХ

«ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр я щIэгъэкъуэн фонд» къэралыгъуэ корпорацэм и правленэр арэзы техъуащ, къат мащIэ фIэкIа мыхъу псэупIэхэр ухуэным зегъэужьынри хэту, жьы хуэ унэхэм щыщIэзгъэкIынымрэ теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ярита заявкэм.

АБЫ инкъ иткIэ, ЖКХ-м и фондым щыщу сом мелуан 224,80-рэ республикэм хуэхахынущ. ЩIыпIэ бюджетыр а Iуэхум сом мелуан 34, 81-кIэ хэуфэнущ. Абыкъэ мунищипальнэ щIыналъэм 10-м унэ ныкъуэкъутэу 44-рэ щрахьынурэ, цIыху 554-рэ фэтэрыщIэхэм ягъэIэпхъуэнущ.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

● Щ1ыуэпс

Дыкъэзыкъуэрейхь дунейм и хъумакIуэхэр

Дыкъэзыкъуэрейхь дунейр хъумэныным и ильэсыр 2013 гъэр ягъэуващ. Абы ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкIынущ и мурадщ, Кавказ Ищхьэрэм хиубыдэ щIыналъэхэм я гъэззщIэкIуэ властхэм я Iэнатlэхэм я зэIущIэ.

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьынущ щIым и хъуГуэфIыгъуэхэр тэмэму къэгъэсэбэпынымрэ щIыпсынгур зыгъэпсыр зыхъумэнымрэ. Апхуэдэу ирагъэкIуэкIынущ «Патруль щхьэантIэ», «Жыг хэсэ», «Парк-ым хэдэу зыщыбгъэпсэну къэгъэтыгъуейщ» зыфIащауа акцэхэр, экологиер хъумэным теухуа щ1эст щIыхьэхуэр, эколог, биолог, щIыуэпсым кьыщыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэм кIалъпIэ ныбжьыщIэхэм я зэхьэхэр.

КъыхэгъэщIапхъэщ, щыщхьэпу мазэм къыщыщIэдзауэ цIыху куэд зыгъэщхьэжагъэ губгъуэ жьхапхъэм (амброзиеи) ебэнныныкIэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэри зэрырагъэкIуэкIынущ. Дыкъэзыкъуэрейхь дунейр хъумэным и ильэсым кьыриубыдэу КъБКъУ-м и студентхэм ещанэ, Ботаническэ хадэм, езыхэм я общественэм я хъуреягъым щыщыкI амброзие удэзыр кьрачынущ.

Дыкъэзыкъуэрейхь дунейм зэрагъэгъэ ин ешых мафIэкIэ къыщIэхъу щхьэзыслъагъуэхэмрэ абы зэрызыщIыхъуэкIынымрэ Iэмалхэмрэ ятеууа дерс щхьэпэхэр Щэджэм Етlуанэм дэт курыт еджапIэхэм щрагъэжьынущ. Сабийхэр щагъэгъуэзащ Iугъуэ дыджым и Iэужьхэрми.

Мыпхуэдэ зэIущIэхэр илъэсыр икIыхьу щIыпIэ псоми щрагъэжьынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Лэжьакlуэхэр бэлэрыгъыркъым

«Къэббалъкъгаз» Iуэхущ1апIэм и къудамэу Шэджэм районым щыIэм и лэжьакIуэхэр иджы хуэдэ псыкIуэтуэ зэманым бэлэрыгъыркъым.

МЫ IЭНАТlЭМ и унафэщI КIуэкIуэ Хъэлид къызэрыджиIамкIэ, Шэджэм Ищхьэрэ - Булунгу гъэзэгу Iыхьэм нэхъ шынагъуэ яхэткъым: уэшх нэужьым къуршым кьрилъэсэх ятIэпсыр щIэхущIэкъуэрэ зэранышхуэ яхуохьу абыкIэ кIуэцIрыкI газ бжьамиихэм. Ныкъусаныгъэхэр икIэщIыпIэкIэ кьагъэуатэу, зэман кIэщIым кьриубыдэу ахэр гъэзэкIуэжьи хуей мэхъу. Дунейм и къэхъукъащIэ шынагъуэхэм щахъумэн папщIэ бжьамиихэм я ныкъуэр щIы щIагъкIэ кIуэуэ ящIащ.

Газ бжьамиIэм сэкъат езытхэм яхэтщ транспортри. Зэрымыщ1экIэ гъэзэгум теже автомашинэм зэхикъутам махуэ бжьыгъэкIэ щелэжь щыIэщ.

«Шэджэмгазым» и Iэщ1агъэлIхэр мы щIыпIэхэм мыбэлэрыгъуэу щыплъырынущ щыщхьэIу мазэр кьихъэу, уэшхыщхуэ кьыщешх лъэхъэнэр и кIэм нэсыху.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Фэеплъ

Щхьэныкъуэ Мусэбий
(1942 - 2012)

Фэеплъ зэлуцIэр щекIуэкIым.

Хэкупсэ нэс Щхьэныкъуэ Мусэбий и вагъуэр

Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Малкэ къуажэм дэса Щхьэныкъуэ зэкъуэшхэу Нухьмэн, Музэрач, Мусэбий сымэ ящыщщ а жылэм и тхыдэм зи цIэр фIыкIэ къыхэнахэм. Абыхэм я адэ-анэ Хьисэрэ Баблинэрэ яхуэзэфIэкIащ бынхэм зэрыпсэун Iэщ1агъэ ирагъэгъуэтын, гъуэгу захуэ трагъэувэн. Кьыгщ1эхьуэ щ1эблэм гъэсэныгъэ екIу, щ1эныгъэ куу ельытыгъэ зи гъащ1эхэр щхьэусыхь хуэзыщ1а а зэшхэр сыт хуэдэ зэманы хуэпэжащ я щ1алэгъуэм гурэ псэкIэ кьыхахауэ щыта егъэджакIуэ Iэщ1агъэм.

НАЛШЫК дэт педучилищэм фIыуэ илъагъу Iэщ1агъэр щызригъэгъуэтри, Нухьмэн егъэджакIуэу игъэзэжащ щалъхуа жылэм. Щ1алэщ1эм сабийхэр хуигъасэрт я анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэр фIыуэ ялъагъуным, я Хэкур ягъэпэжыным, хуей хъумэ, абы и кьыщхьщыжакIуэу увыным. 1943 гъэм и гъэмахуэм Курск и Iэшэлальэм щыхэкIуэдащ зауэлI захуэр, щ1эблэм я гъэсакIуэ нэсыр. Абы щыгъуэ Нухьмэн и ныбжьыр илъэс 23-м иту арат. Щхьэныкъуэ Нухьмэн и цIэр ящыгъупщакъым Малкэ курыт еджапIэ №2-м: абы и сабий зэгухьэныгъэм Нухьмэн и цIэр зэрехьэ, школ музейм лIыхъжьым теухуа дэфтэрхэр щ1эльащ. Малкэ къуажэм и уэрамхэм ящыщ зым Щхьэныкъуэ Нухьмэн и цIэр фIащащ.

Нэхъыжьым хиша лъагъуэр нэхъыщ1эм гъуэгугъэльагъуэ хуэхъури, Нухьмэн ирихьэжьа Iуэхум пищащ Музэрач. Хэку зауэщхуэм пIалъэкIэ кьыззэпуадми, Музэрач и гуращэр зыIэригъэхьащ. 1948 гъэм ар уващ Нухьмэн щ1алэжьа школым, пэщ1эдзэ классхэр иригъэджэну. Сабийхэр фIыуэ иригъаджэм и закъуэтэкIым, атIэ школым щекIуэкI жылагъуэ, комсомол лэжьыгъэхэми хуэжьджэрт Музэрач. Зэрылажьэм хуэдэурэ, КьБКъУ-м и тхыдэ къудамэр кьиухащ, иужькIе класс нэхьыжьхэм щ1эсхэм тхыдэр илъэс куэдкIэ яригъэджащ, школым и унафэщIым пэщэныгъэхэр щ1эзэхуэсса гъэльэгъуэныгъэри купщIафIэт. Нэхъыщхьэрати, утыкум екIуу щеувэкIат ныбжьыщ1эхэр, Мусэбий и гъэсэн бийхэр егъэджэным иритащ.

И шынэхъыжьитIыр зыхунэмысасхэм хуэпабгъэу, абыхэм я екъулIэныгъэхэр игъэбагъуэрэ адэкIэ зэригъэужьу и кьуэшхэр щылэжьа курыт школ №2-м егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм илъэс 50-м нэблагъэкIэ щыпэрытащ Мусэбии... Илъэс мэхъу егъэджакIуэ Iэкlуэльакlуэ Щхьэныкъуэ Мусэбий зэрыщымыIэжрэ. 2012 гъэм и гъатхэм ар зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ. И фэеплъ махуэм ирихьэлIэ «Егъэджакlуэм и лъэужь» пшыхь иджыблагъэ щекIуэкIащ Мусэбий щылэжьа курыт школым. Ар кьыщэрегъэпэщащ илъэс куэдкIэ Мусэбий кьыдэлэжьа егъэджакIуэ щыпкъэ **Къардэн ФатIимэ.** Абы кьрагъэблэгъат Дзэлыкъуэ куей администрацэм и лыкIуэ **Бэрзэдж Рэмэзан**, егъэджэныгъэмкIэ куей Iэнатlэм и унафэщI **Нэгумэ Лейла**, куей библиотекэм и пашэ **Шэру Светланэ**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Щоджэн Риммэ**, ветеранхэм я къуажэ совет ым и тхьэмадэ **НэфIэдзокъуэ Хьусен**, Щхьэныкъуэ лъэпкъым и нэхъыжьхэ **Щхьэныкъуэ Хьэсэнбий**, Малкэ къуажэ администрацэм и Iэтащхэ **Вэрокъуэ Арсен**, «Адыгэ псалъэ», «Зольские вести» газетхэм я лыкIуэхэр, Мусэбий и анэкьилъхуэр, и унагъуэм щыщхэр. Пшыхьым жыдэжру хэтащ егъэджакIуэхэр, школакIуэ щыкIуэр.

ЕджапIэм и унафэщI **Хьуран ФатIимэ** хьэщ1эхэм защригъэпльыхьащ Мусэбий и нэIэм щ1эту лэжьа школ музейм. Абы иужькIэ псори ирагъэблэгъащ пшыхьыр щекIуэкIыну пэшышхуэм. Ар екIуу кьыхуэзэгъэпэщат Iуэхум: Мусэбий и сурэтышхуэр экраным кьиущырт, и егъэджэныгъэ лэжьыгъэр, и уэсэхэр, тхыгъэ зэмылIужьыгъуэхэр щ1эзэхуэсса гъэльэгъуэныгъэри купщIафIэт. Нэхъыщхьэрати, утыкум екIуу щеувэкIат ныбжьыщ1эхэр, Мусэбий и гъэсэн лэжьыгъэм и гур хуэзIухат. Зэрыщ1ыкIу лъандэрэ зыщ1эхъуэпс Iэщ1агъэр зиIэ хъуа Мусэбий хуэпIащ1эрт абы ехьэлIа и мурад дахэхэр гъащ1эм хипщэным. Адыгабзэмрэ ди лъэпкъ литературымрэ зи псэм кьехуэбылIэ, щ1альхуа и щ1ыналъэм езым хуиIэ лъагъуныгъэр дэтхэнэ зы сабиймии зыхригъэщ1эну щ1эхъуэпсу и лэжьыгъэ гъуэгуанэр нублащ Щхьэныкъуэм. Езым жиIэу зэрыщытамкIи, а Iэнатlэм щ1ыригъэгъуэта екъулIэныгъэ псоми я лъабжьэр а и гурыщ1э лъэщхэм кьыхалъхьэ кьарумрэ гушхуэныгъэмрэт.

Егъэджакlуэ щ1алэр зэман кIэщ1ым кьриубыдэу лэжьыгъэм хуэIэижь хуауащ, зэфIэкI лъагэхэр кьыкъуэкIащ, чэнджэщ1агъуфI, щапхъэ дахэ егъэджакIуэхэми школакIуэ щ1ыкIухэми яхуэхьащ. Абы и еджакIуэхэр щ1эх-щ1эхьыуэ ихьарт районым, республикэ зэпеуэхэм я утыкухэм икIи увыпIэфIхэр кьыщ1ахьырт. Иригъэджахэм ящыщ зыбжанэ езым и лъагъуэм теувауэ адыгабзэмрэ литературымкIэ егъэджакIуэу курыт школхэм ноби щ1ола-жьэ. Мусэбий псэуху, зы илъэси кьэнакъым абы и еджакIуэхэм ящыщу зытIущ КьБКъУ-м и адыгабзэ кьудамэм, абы и педколледжым щ1эмытIысхьэу.

Бзэмрэ тхыдэмрэ хуиIэ лъагъуныгъэм нэмыщI, Щхьэныкъуэр тхэнми хуэIэкIуэльакIуэт. Еджапlэм абы щыз3трибулаэу щытащ тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщ1эхэм я гупжьей. 2001 гъэ лъандэрэ УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт Мусэбий еджакIуэ щыгъуазэ щыгъуазэ ящыIырт прозэмрэ усыгъэмрэ я щэхуэхэм. Пшыхьым щыIуащ Щхьэныкъуэм и кьалэмыпэм кьыпыкIа усэхэр, макъамэ зыщ1альхьэу уэрэд хууакэрри яхэту. Ахэр теухуащ и Хэкум, щальхуа жылэм, абы и щ1эр фIыкIэ зыгъэIу цыхухэм. Мусэбий и «Си еджапIэ» усэм кьыззэхуэсахэм я пащхьэм кьыщеджащ абы и кьуэрыльху цыкIу Мадинэ. Апхуэдэу еджакIуэ щыгъуазэ щыгъуазэ Кьардэн Джулианнэ, Акьбей Аэзмэт, Мырзэкъан Бэллэ, Мэшыкъуэ Артур, Хьуран Аэзмэт сымэ Щхьэныкъуэм и усэхэу «Си адыгэ хэку», «НэхульэфI сыкъекIмэ», «Си лъэпкъ мащIэу си псэм хуэдэ», «Псы гъунэм сыIусу», «Балъкъыжь и уэрэд» жыхуиIэхэм, нэгъуэщ1хэми кьеджащ.

«Си лъэпкъ, си хабзэ, си анбзэ, къежьапIэр. Фхуэсщ1эфмэ сыту фIыт Iуэхутхьэбзэ! Фэращ сыт щыгъуи сэ си пIьапIэр».

Апхуэдэ псалъэхэр я гупсысэ нэхъыщхьэр усакIуэм и Iэдакъэщ1экIхэм я нэхъыбапIэм.

Усакlуэ Щхьэныкъуэ Мусэбийрэ макъамэтх Даур Асльэнрэ зэдатхауэ щыта «Си Хьэжыхьэбл» уэрэдыр, «Нэмысым и лъахэ», «Ди еджапIэм и уэрэд», нэгъуэщ1эрэ пшыхьым щагъэзэщ1ащ Мусэбий и гъэсэну щыта Хъуран Мартин, Батыр Атмессэ, Чыл Заретэ сымэ, нэгъуэщ1хэмк. Абыхэм пшынэ яхуеуащ макъамэмкIэ егъэджакIуэ Кьущхьэ Саният. Езы Щхьэныкъуэм хуатха усэхэми кьыщеджащ зэхуэсым. Ахэр Мусэбий хуаусат и ныбжьэгъуфIу щыта КIэмыргуей Толэ, Щауэ Берд, еджакIуэ Бышэн Лианэ сымэ. Абыхэм кьыхощыж Щхьэныкъуэр цIыху пэжу, пщIэ зиIэ адыгэлI нэсу дунейм зэрытетар.

Пшыхьым кьекIуэлIаХэр адэкIэ тепсэлъыхьащ Щхьэныкъуэм и гъащ1эм, и дуней тетыкIам, и Iуэху зехьэкIэ пэрытым, бгъэдэлъа зэфIэкIымрэ щ1эныгъэмрэ.

- Мусэбий жылэрэ куейри дыдэзрыгушхуэ щыхъ щыпкъэт. Езыр кьытхэмытыжми, ар дэ тщIыгъщ и Iуэхущ1афэ дахэхэмкIэ, гупсысэ жанэхмкIэ, Iэдакъэщ1кI купщIафIэхэмкIэ, - жиIащ япсу псалъэ зрата Нэгумэ Лейла. - Зэкъым икIи тIэукъым Щхьэныкъуэм Дзэлыкъуэ куейр игъэльагъуэу утыкушхуэкъым кьызэрихьар. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ кьэралым щекIуэкIа зэпеуэм хэтащ Мусэбий. Абы щытекIуа егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэм халытэри, абы ирата уэ щытащ зэпеуэм и Щ1ыхь тхылъымрэ сом мини 100 хъу саугъэтэ. Апхуэдэу и лэжьыгъэфIхэм папщIэ абы кьызыгъэфащ1ауэ щытащ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкIэ я министерствэхэм я щ1ыхь тхылъхэр. Ар егъэджакIуэ-методистт, «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щ1ыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Урысейм и хэкупсэ» щ1э лъапIэ-ари хуэфащэ дыдэу зэриIухьэрт.

Нэгумэм и псалъэхэм пащащ Шэру Светланэ, Щоджэн Риммэ, НэфIэдзокъуэ Хьусен, Щхьэныкъуэ Хьэсэнбий, нэгъуэщ1хэми. Абыхэм жаIащ Щхьэныкъуэм и щ1эиныр, иIа Iуэху зехьэкIэ пэрытыр щ1ыналъэпсо хъугъуэфIыгъуэу зэрыщытыр. Щхьэныкъуэ Хьэсэнбий кьыхилъхьащ Мусэбий и щ1эр кьуажэм и уэрамхэм ящыщ зым е щ1ылэжьа школым фIащ1ыну. Кьуажэм и Iуэхуэр зезыгъакIуэ Вэрокъуэ Арсен жиIащ а Iуэхум депутатхэр хэпльэну зэрыхьэзырыр.

ЕкIуэкIа Iуэхур кьыззэгъэпэщ1ахэм фIыщ1э яхуищIу зэхуэсым кьыщ1ипсэльащ Мусэбий и шыпхъу нэхъыжь Мидэ.

Фэеплъ пшыхьым щыжIа псори кьызэщIикъуэжащ курыт школым и унафэщI Хьуран ФатIимэ.

- Илъэс 50-м нэсскIэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэр хьэлэлу езыхьэкIа Мусэбий щ1ащ1ихуар Дзэлыкъуэ куейм и закъуэкым, абы и зэфIэкIым щыгъуазэ хууат ди республикэм и школхэм я лэжьакIуэ куэд. Ар жыдэкру хэтащ «Си бзэ - си псэ си дуней» республикэпсо зэпеуэм икIи текIуэныгъэхэр кьыщихьащ, - кьыхигъэщ1ащ ФатIимэ. - 1975 гъэ лъандэрэ ар и унафэщIт тхьэдэмкIэ школ музейм. 2009-2010 гъэ еджэгъуэм ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъум и щ1ыхькIэ кьыщ1ащ1ыгъуэ щыта «Школ музейхэм я епльныгъэ» Урысейпсо зэпеуэм Мусэбий и музейм республикэм япэ увыпIэр кьыщихьри, къэралпсо утыкум ирашахэм яхэтащ. Апхуэдэ лэжьыгъэфIым папщIэ Щ1ыхь тхылъ, саугъэт лъапIэ кьратат ди ныхъыжьыфIым. Музейми и фэеплъыр сакъыу дохъуэм егъэджакIуэ гупым. Здэкlуар тыншыпIэ Тхьэм хуищI. ДунеягъэкIэ Тхьэм кьимыIэхъьуапсэ.

Зыщ1ыхуу щыта псоми я гум фIыкIэ кьинащ Щхьэныкъуэ Мусэбий. Зи гупсысэкIэкIэ, Iуэху зехьэкIэкIэ, дуней епльыкIэкIэ адрейхэм кьахэщ1эхухкIыу щыта хэкупсэ нэсым кьытхуигъэнащ и псалъэ Iущхэр, жыIагъуэ, усэ купщIафIэхэр. Нэхъыщхьэращи, хэлъа и цIыхугъэ лъагэмрэ гулыгъэ инымрэ дигу ильщ. Мусэбий зи нэхъыщIэ зэшгъегъакIуэхэм, хэкупсэ нэсхэм я гъащ1эр щапхъэ яхуерехьу кьытщ1эхъуэ щ1эблэм. Абыхэм я лъэужьыр зэи хремыгъуащэ. Иремыужьых апхуэдэхэм я вагъуэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Сурэтхэр
МАМИЙ Руслан *трихащ.*

НэфIэдзокъуэ Хьусен

Щхьэныкъуэ Мидэ

Щоджэн Риммэ



Щхьэныкъуэ Хьэсэнбий

Нэгумэ Лейла



Жыласэ Маритэ



Хьуран ФатIимэ

● Фестивалхэр

Щэнхабзэм зезыгъэужь зэхыхьэшхуэ

«Урысейм и театрхэр - Кавказ Ищхъэрэм» проектым и лэжьыгъэр и кIэм нэблагъэщ.

АБЫ ХЫХЬЭУ, Кавказ Ищхъэрэм япэу щекIуэкIащ Урысейм и къалэ щ1ыкIуэм щылажьэ театрхэм я фестиваль. Епщ1ыкIуэнэу къызэрагъэпэщ мы зэхыхьэр я нэIэм щ1этащ УФ-м и Президентым и Администрацэмрэ Урысейм Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФШ1-м щыIэм и аппаратыр я дэIэпыкъуэгъуэ.

Лъэпкъхэм я къэрал театрым и художественнэ унафэщI, Урысейм и цIыхубэ артист, фестивалыр къызэзыгъэпэща Мироновым Евгений УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ щ1ыналъэм щыIэ Хлопонин Александр зыхуигъэза нэужь, къалэ щ1ыкIуэм я театр фестиваль Кавказ Ищхъэрэм щрагъэкIуэкIыну зэгурыIуащ. Мироновым зэрыжиIамкIэ, мы Iуэхур игу къыщыкIар нэгьабэ Грознэм щыщыIарщ. Нужьым, Хлопонин Александр и жыIэкIэ, фестивалым зрагъэубгъуну мурад ящащ, «Урысейм и театрхэр - Кавказ Ищхъэрэм» проектым хэту.

Проектым хэту, Мэхьэчкалэ, Псыхуабэ, Владикавказ, Грознэ, Черкесск, Налшык, Магас, Магадан къалэхэм Урысейм и театр нэхъыфIхэм спектаклхэр щ1ащ1ыгъуащ. Апхуэдэхэщ, Миронов Евгений зи унафэщI Лъэпкъ театрыр, Вахтангов Евгений и цIэр зезыхъэ Къэрал академическэ театрыр, Чехов Антон и цIэр зезыхъэ МХТ-р, Райкин Аркадий и цIэр зезыхъэ «Сатирикон» театрыр, Табаков Олег зи унафэщI «Табакерка» театрыр. Урыс литературэм и классикхэм я тхыгъэхэм кьытращ1ыкIа спектаклхэр фестивалым щызэзыгъэлъэгъуахэм ящыщщ актер щ1ырыIуэху Леонтьев Авангард («Собрание острых слов»), Райкин Константин («Константин Райкин. Своим голосом»), Филиппенко Александр («В поисках живой души: Гоголь, Зощенко, Довлатов»).

Лъэпкъхэм я къэрал театр проектым и кьызэгъэпэщ1ахэм «Рассказы Шукшина» спектакль щ1ырыIуэр мэкъуаугъэгъуэм и 17-м Псыхуабэ щ1ыгъэлъагъэри, фестивалыр зэхущ1ыжащ.

Къалэ щ1ыкIуэм я театрхэм я фестиваль гъэ кьэс ирагъэкIуэкIыр мэкъуаугъэгъуэм и 13-м зэхущ1ыжащ. Абы хэтащ Ростов областым и Новошахтинск, Самарэ областым и Новокуйбышевск, Удмуртием и Глазов, Красноярск крайм и Минусинск, Калининград областым и Советскэ, Урысейм и нэгъуэщI къалэ щ1ыкIуэм щыщ1ыгъ Черескэ гъэ 13. Фестивалыр щекIуэкIа махуэхэм егъэджакIуэ Iэзэхэм мастер-класхэр ятащ. Остроумовэ Ольгэ зи нэхъыжьыкIэ щ1ыкIтакIуэ гупым хэтхэм кьыхахащ Москва щ1агъэльэгъуэну спектаклыр. Абыхэм кьызэрагъэпэщ1ащ, ящ1ыгъ, проектым мыхьэнэшхуэ иIэщ1 кьэралым и щэнхабзэр зэтегъэуэвэжьнымкIэ, Урысейм и къалэ щ1ыкIуэм щылажьэ театрхэм, абыхэм я лэжьакIуэ гупхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэжьнымкIэ.

КъБР-м и Iуэтащхьэмрэ я Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

● Хьуэхъу

Мер Тамарэ къыщ1алъхуа махуэмкIэ дохъуэхъу

Ди нанэ дахэ, ди анэ лъапIэ! Уи лъэр жану, уи гур щ1ызу, гукъеуэншэу Тхьэм идижьри илъэс куэдкIэ утхуитэпсэу! Ди дежкIэ щапхъэщ уэрыгуапэр, уэрыщ1ущыр. Дыхуейщ уэзыншэну, гъуаэзу куэдрэ уди1эну.

Уи бынхэр, къуэрылъхуэпхъурылъхухэр, абыхэм я бынынхэр.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и хьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Мариэ, НэщIэныджэ Замир, Жьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къэхъуэнгъащ1эмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щ1ихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1анIэхэм я дэлажьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1анIэм - 42-26-41; сурэттехыгъэ - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщ1ихьа бжьыгъэхэм, кьыщ1эIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яIэ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэу зэныту щытекъым.

Газетыр Iэ тезыддахэм яхуэхьныр и пщ1 дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ Iуэхущ1анIэм №11-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2, 6-нэ нап.)*, Щоджэн Заир*э (3, 4, 5-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэныкъуэжьу Мырзэкъан ФатIимэ. *Компьютерыгъэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Сандэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.220 ● Заказ №1566